ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№60 (22.218) ● 2012 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и чэнджэщэгъу Амщыкъуэ ФатІимэт

Амщыкъуэ ФатІимэт КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и чэнджэщэгъуу ягъэуваш. Республикэм и Правительствэм и зэІущІэ дыгъуасэ зэхэтам апхуэдэу щыжиІащ абы и Унафэщ Гертер Иван.

Абы и пэ махуэм Амщыкъуэ ФатІимэт лъэІу тхылъ итхат КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр къулыкъур щхьэщхьыну икІи ар хуагъэзэщІащ. Абы теухуа Указым Іэ щІидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Амщыкъуэ Ф. Къ. теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Амщыкъуэ ФатІимэт Къэралбий и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр къулыкъур щхьэщхьым.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м
№63-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и чэнджэщэгъум и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м №135-рп

Амщыкъуэ ФатІимэт Къэралбий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и чэнджэщэгъуу гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

Темыркъан Б.Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Музыкэ гъуэзджэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрыпихьэІам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Темыркъан Борис Хьэту и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ Іапі Іэм и симфоническэ оркестрым и дирижер нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м
№64-УГ

● Нобэ

Темыркъан Борис и махуэ лъапІэ

Лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зегъэужьыным ильэс куэд льандэрэ емызэщыжу телажьэ, Урысей Федерацэм и ЦІыхубз артист, музыкант цІэрыІуэ Темыркъан Борис и зэфІэкІым пщІэшхуэ зэригъуэтамкІэ йохъуэхъу КЪБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэр, КЪБР-м ЦІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэмкі э и къэрал комитетыр, республикэм и къэрал филармонием и лэжьакІуэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакІуэхэр, Ди гуапэщІалъэкъ гъуэзджэм зегъэужьыныжьІэ дяпэкІи ехьулІэныгъэшхуэхэр уиІэну, уи мурад псори кьохъулІэну.

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, Патриарх Кирилл, КъШР-м и Іэтащхьэ Тэмрезов Рашид, щихьнагъ Феофилакт *(жьымыкІэ къыщыщІэдзауэ).*

Патриарх Кирилл КъБР-мрэ КъШР-мрэ я Іэтащхьэхэм фІыщІэ къахуещІ

Москва, Урысей псом я Патриарх Кирилл Патриархымрэ Синодымрэ я хэщІапІэ Даниловскэ къулышыфым вэсэмахуэ щыригъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсенрэ Къэрал-Щэрджэс Республикэм и Іэтащхьэ Тэмрезов Рашидрэ. ЗэІущІэм хэтащ Пятигорск, Щэрджэс щихьнагъ Феофилакт.

ПАРТИАРХ Кирилл щыналъытІым я Іэтащхьэхэм фІыщІэ къахуищІащ мы республикэхэм щыщІыщІэ щытыкІэр гъэтэмэмыкъыныжьмкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІым папщІэ. Зэкіэ иджыри гуэдзэ щхьэхуэхэр щыІэми, къыхигъэщхьэхуэкІащ Патриархым, зэхъуэкІыныгъэфІэхэр зэрекІуэкІыр, ищхьэрэ лъэныкъэхэм щыІэ субъектхэм я цІыхуэхэм я псэукІэр зэрызэтеувэжьыр жьІэпхъащ. «Дин унафэщІхэр, дин зезыхьэ цІыхубэр, республикэхэм я унафэщІхэр, жылагъуэр зэщІыгъуу зытелажьэ Іуэхур - Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэм мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытныгъэмрэ Іэмал зэриІэкІэ нэхъ псынщІэу щызэтегъуэвжьныр – къывэхъулІэну Тхьэм солъэІу. ИгІанэ фи щІыналъэ гъуэзэджэм щыІэ хэкІыпІэхэр Кавказ Ищхьэрэм и лъэпкъхэми, зэрыщыту Урысейми нэгъэсауэ къащъэсэбэпыфынщ», - къыхиІуащхьэхуКІащ Урыс Члисэм и Іэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсен жиІащ лъэпкъ, дин зэдзэлажьэныгъэхэр зэтеухуэжьныжьмкІэ мы зэІущІэр лъэхъэнэщІэу увыну къызэрилытэр икІи Патриархым Кирилл къригъэблэгъащ Урысей Федерацэм и итщ щыналъэхэр къиплъыхьыну къэкІуэну.

«Урысей Ипщэм униькьэмэ, ди республикэми унэкІуэну ди гуапэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым унеблагъэмэ, абы православнэ диным итхэм я мызакъуэу, республикэм и псоми я дежкІэ мыхьэнэзыуэ иІэнущ», - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсен къыхигъэщхьэхуКІащ Кавказым мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыІэтеувэжьын папщІэ нуэд зэралажьыр: «Къэбэрдей-Балъкъэрым православнэ члисэхэр щащхъэ. Дэ дыхущІокъу дин псоми, абы-хэм чыристэн динри яхэту, гулъытэ нэхъыбэ зэрахуэтщІыным». КъБР-м и Іэтащхьэм хэхауэ жиІащ республикэм щыпсэуэхэм ящыщ Іыхьэшхуэр - цІыху мин 200-м нэблагъэр - православнэ чыристэну зэрыщытыр. «Ди дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэр абыхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэнырщ, абы мыхьэнэшхуэ иІэщ республикэм адэкІи тэмэму зиужьын папщІэ», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Республикэм и Іэтащхьэм и псалъэм къыхигъэщхьэхуКІащ архиепископ Феофан, Урыс православнэ члисэр Кавказ Ищхьэрэм зэрыщылажьэмкІэ жэуап зыхь щихьнагъ Феофилакт сымэ лажьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІыр. «Ахэр дэ хуабжьу къыддоІэпыкьу икІи яхуэзфІэкІ псори ялэжь. Абы къыхэкІыу дэ уэ хэхауэ фІыщІэ пхудощІ православнэ члисэм ди республикэхэм щызэфІагъэкІхэм папщІэ. Апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэр ди дежкІэ льапІэщ», - жиІащ и псалъэр щиухым Къанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

ЗэІубз ящІ

● КъБР-м и Іуэхущ Іапі Іэхэм

2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 1 пщІондэ Урысейм и Правительствэм игъэхьэзырыныщ хамэ кьэрал туристхэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм кьыззрыкІуэ щІыкІэр нэхъ тыншу зэрызэфІахыну Іуэхугъуэхэр. ЗыхуэфащІ тхылъхэр ар эн пщэрыльхьэрал Іэнатіэхэм ратащ. Кхъухькіэ, яхтэкІэ кьакІуэ зэплъыхьакІуэхэм я Іуэхур зэрызэхІэльагъакІуэ хабзэри нэхъ кьыззэрыгуэкІ ящыІну я мурадщ.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий нэхъапэІуэкІэ кьыхигъэщащ туристхэм я бжьагъэм хэдгъэхьуэн щхьэкІэ Іэмал псорри зэрырыщІэр.

- Ди щІыналъэр дуней псом щынэхъ инщ, ди щІыпІэхэр апхуэдизу зэмылІэужьыгъуэщи, ахэр зыхуэдэм нэгъэщІ зы кьэрали кьыпэхьуфынукьым. ЩынщынэмыщІауэ, щІыуэпс, щэнхабзэ щІэинхэм я объектхэм я куэдгъкІэ дуней щІыпащэхэм дащыщщ, щыщжиІащ абы туризмым зегъэужьыным теухуауэ Краснодар щекІуэкІэ зэІущІэм.

Ильэсым и кІуэцІкІэ Урысейм зыплъыхьакІуэ кьакІуэхэр мыззэкІэ мелуани 2-м зэрыщІигъу щыІэжьым. Кьэралым и Іэтащхьэм кьыззэрилытэмкІэ, абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ «ІэпхъэшапхьуэхэмкІэ щыІэ регламентхэр кьызэремыззэрыжьыр».

Сенатор, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и Директорхэм я советым и унафэщІ Билалов Ахьмэд кьыззэрыкІуэщ щхьэкІэ Урысейм кьызэрыкІуэ щыкІэр зэхъэ тынш щІыным теухуауэ УФ-м и Правительствэм игъэхьэзыр Іуэхугъуэхэм абыхэм я бжьыгъэм хэпщІыкІыу хагъэхьэнущ.

- Урысейм кьакІуэ туристым визэр тыншу кьыхудэхырккым, кхъухьльатэ кІуэцІым тхылъ мыхьэнэшэ гуэрхэр щызэригъэзахуэу, абыхэмкІэ учетым увын хуейщ. Туристхэр уэрэ зыхуеблагъэ къэралхэм апхуэдэ гугъуехьхэр щыІэжьым,- жиІэ Билаловым.

Сенаторыр нэхъапэІуэмкІэ ІэпхъуэщапхьуэхэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэхэм тхылъкІэ щыщІэупщІащ хамэ къэрал туристхэр Урысейм кьызэрыкІуэ, зэрыщыІэ щыкІэр нэхъ тыншу зэфІэха хъунымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр зыхуэдэм. Билалов Ахьмэд кьызэрилытэмкІэ, а Іуэхур жьыдэжру пхъызигъэкІыну Іэмалхэм ящыщщ Европэ Союзым и цыхуэхэм папщІэ ди къэралым еэым и льэныкъуэкІэ визэнщэ хабзэ игъэувынырщ.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Дунейм и ЩІыхьыбархэр

ЛІыкІуэхэм ятеуэри

Косовэм и ХьэлащІыхь Приштинэ къэрал Іуэхукіэ дыгъуасэ кІуат Сербием и правительствэм и лІыкІуэхэр. Автомобилым ису уэрамым здрикІуэм, абыхэм зы гуп къэтеуащ - я машинэм апхуэдизкІэ мывэ куэд ирагутІыпщати, зы лІыкІуэм фэбжьышхуэ хихащ.

Къэхъуам игъэгубжьауэ, Сербием и премьер-министр Цветкович Мирко тхыгъэ ткІийкІэ захуигъэзащ Европей союзым и дипломатием и Іэтащхьэ Эштон Катрин, ООН-м Косовэм щІэ миссием и унафэщІ Зариф Фарид, Евросоюзым и миссиеу Косовэм щыІэм и Іэтащхьэ Ксавье Бу де Марнаку сымэ. Абы дунейпсо эмиссархэм япиубдащ къэхъуа Іуэхур икІэщІыпІэкІэ зэхагъэкІыу къуанщэхэр кьагъэуэтыну.

Сербием и лІыкІуэхэр Косовэ кІуэным щхьэусыгъуэ зэхъуащ Белградрэ Приштинэрэ я лІыщкьэхэр иужьрейуэ Брюссель щызэІущІэу зэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэр гъэзэщІэныр.

Зэуіуу яубыдащ

Испанием и лъэпкъ полицэм Мурсие хы Іуфэм щиубыдащ гашишу тонни 2,25-рэ зыгъэІэпхъуэ наркосатуущІу 15.

ЩІэпхъаджащІэхэр яубыдащ къэрашэлІэ наркотикыр катерым кьэрхьу автомашинэм щралъхьэм. Хабзэхъумэжьхэр нэхъ пасэу щыгъуазэ хуэат мы Іуэхуми, щІэпхъаджащІэхэр «зэрырагъэблэгъэнум» зыхуагъэхьэзырат. Апхуэдэ щыкІэкІэ яубыдащ гашишыр Мароккэ кьизыша статуущІи 7-ри, абыхэм яІущІа щэхуакІуи 8-ри (я Іэтащхьэхэри ящІыгъу).

Мазэ зыбжанэкІэ полицэм зэхигъэкІащ а щІэпхъаджащІэхэр хэт сымэми, Мароккэ наркотикыр щызыгъэхьэзырэхэри, ар Испанием кьэзышэхэри, зыхуэашэхэри, зыщэжьхэри. Ахэр псори зэуІуу щызэхуэсыр наркотик куэд щызэІэпахым и дежти, апхуэдэр кьэхъуным бэшэчу пэпльащ. Аращ гупым хэт псори зэуІуу яубыдыну къащІэхьуІар.

Тосунян кьэлъытэ

Урысейм и ахъшэ хъумапІэ системэм зиужьын папщІэ мІэн хуейщ промышленнэ политикэ гурыІуэгъуэ. Ар дыгъуасэ Урысейм и банкэм я ассоциацэм иригъэкІуэкІа 23-нэ зэІущІэм щыжиІащ а зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Тосунян Гарегин.

А зэІущІэр теухуауэ щытащ, дунейпсо финанс гугъуехьхэм емылъытауэ, Урысейм и экономикэм зегъэужьыным банкэр зэрытелажьэн хуей щыкІэм.

Тосунян Гарегин кьызэрилытэмкІэ, нобэ ахъшэ хъумапІэхэращ зэлъытар Урысейм и экономикэм гъэ кьэс проценти 3-4-кІэ фІэкІа зыхуэмыужьу и пІэ иуджьыхьнуми е зэуэ зричыными.

- Банкхэр я лэжьыгъэкІэ къэралым тримыгъэгушхуэмэ, абы я кредит тыкІэм хэпЪ Іэмалхэр яхъужьыныкъым. Аращ экономикэм и зыужьыкІэр и пІэ иуджьыхьу зэтезыльгъэнри, - жеІэ ассоциацэм и Іэтащхьэм.



Следственнэ органхэм я лэжьакІуэхэм я мазэхущ

Илъэс 20 и пэкІэ дипломатие зэхущытыкІэхэр зэхуаІэ хъуащ Урысей Федерацэмрэ Молдовэ Республикэмрэ.

Мэлыжьыхьым и 6 - 16-хэм Анталием (Тырку) щекІуэкІынущ атлетикэ хьэлъэмкІэ Европэпсо зэхьэзэхуэ.

1896 гъэм Афинхэм япэ Олимп Джэгуэгъэ кьыщызэІуахауэ щытащ.

1930 гъэм Ленин, Вагъуэ Плъыжь орденхэр кьащтащ.

Дунейм и щытыкІэнур

meteonovosti.ru сайтым кьызэритымкІэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 19 - 20, жэщым градуси 6 - 16 щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 37-м, кьуэхьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 38-м.

Хьэуам и псыІагъыр процент 44 - 75-м кьитІасэнущ.

Пліанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЭЦІО Зарифиц.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гугъуехь зымылъэгъуам гъуэгуанэ хуэшэчкъым.

Терроризм пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым къет

Зыри яІэщІэкІакъым

Мэлыжьыхьым и 4-м Налшык къалэ и Хьэсэней щІыпІэм терроризм пэщІэтынымкІэ хэхам ящкъиткІэ, хабзэхьумэ ІэнатІэхэм Іуэхугъуэ щыухыкІаэр щрагъэжьКІуэкІым бзаджащІэ гупхэм ящыщу 4-м я щІэпхъаджагъэ мурадхэр къыздэнащ.

КТО-р щекІуэкІым, Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и республикэ штабым хыхьэ Іэнатіэ щхьэхуэхэм я кьарукІэ бзаджащІэхэм зыщагъэщІкІу унитІыр кьаухъуреихьащ. Абы ирихьэлІэу унэхэм я зым зыщыщыгъэбыда боевикыр щІэпхъэжьыну хэтащ икІи хабзэхьэмэхэм гранатэ кьахидзащ. АрщхьэкІэ абы и мурадыр кьехьулІакъым икІи зэхэуэм аращкІащ.

Адрей уэнэм щызэтраІыгъэт щІэпхъаджащІэ гупым жьыдэжру ядэлажьэхэр. Абыхэм зыкьатыну хуагъэуващ, арщхьэкІэ Іэщэкіэ кьащыпэувым, бзаджащІэхэр яукІащ.

Зэраубзыхуамкіэ, абыхэм ящыщщ 1983 гъэм кьалъхуа Ульбашев Артур. ЯІэ хъыбарымкІэ, абы бзаджащІэ гупым хэтхэр щэхуу псэупІэкІэ кьызэригъэпэщырт, хабзэхьумэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэмрэ власти и лІыкІуэхэмрэ ятеухуа хъыбархэр зэхуихьэсырт. 1970 гъэм кьалъхуа Малаков Ахьмадья дуней псом, Хьэмыкьуэ зэкъуэшхуэ Тимуррэ Муратрэ къаралым кьыщалъхьхьэрт.

ЩІыпІэр кьыщапльыхьым кьагъэуэтащ Іэщэ, кьагъауэ Іэрыщ Іэмэпсымэхэр, гранатэхэр, радиостанцхэр, зэрызэрыщІэ нэгъэщІ Іэмалхэр. Унэхэм я зым кьагъауэ Іэмэпсымэхэм ирахьэлІэ пкьыгъуэ куэд кьыщагъэуэтащ Іэщагъэлі-взрывотехникхэм. Абы кьегъэлъагъуэ СВУ-хэр щагъэхьэзыр лабораторэ зэрыщыІар.

НАК-м и оперативнэ штабым иІэ хъыбарымкІэ, ящІа бзаджащІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щалэжьа теракт зыбжанэм хэтащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2005 гъэм Налшык къалэ кьытеуахэм, 2007 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм щакІуэу, мэзхьумэу щІыхуибгъу, 2011 гъэм и мазаем Хьэсэней куей администрацэм и Іэтащхьэ Фрэнсэн, а гъэ дыдэм и дыгъэгъазэм подполковник Султанов Вадим зыуІащІэм.

Іуэхур зэхэгъэкІыным адэкІи пащэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и чэнджэщэгъу Амщыкъуэ ФатІимэт

Амщыкъуэ ФатІимэт КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и чэнджэщэгъуу ягъэуваш. Республикэм и Правительствэм и зэІущІэ дыгъуасэ зэхэтам апхуэдэу щыжиІащ абы и Унафэщ Гертер Иван.

Абы и пэ махуэм Амщыкъуэ ФатІимэт лъэІу тхылъ итхат КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр къулыкъур щхьэщхьыну икІи ар хуагъэзэщІащ. Абы теухуа Указым Іэ щІидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

КІыщ Мухьэдин и сурэтыщІэхэр

Уэхъутэ Александр, Мосс Жаклин, КІыщ Мухьэдин.

Ставрополь къалэм щыІэ «Паршиным и галереем» гъатхэпэм и 23-м кьыщызэІуахащ КъБР-м и ЦІыхубэ сурэтыщІ, Художествэхэмкіэ Урысей академием хэт КІыщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

ХУДОЖЕСТВЭХЭМКІЭ Урысей академием хэт, Ставрополь крайм и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм, мы галереем я унафэщІ Паршин Сергейрэ абы и лэжьакІуэхэмрэ ягъэлъэгъуэныгъэр егугъуу кьызэрагъэпэщащ, абы теухуа хъыбархэр ягъэІуащ газетхэми телевиденэми, еблэмэ Испаниемрэ къикІа журналистхэри а Іуэхум хэтащ.

Кавказым япэу щагъэлъагъуэ КІыщым и сурэтыщІэу 80-м нэблагъэ. Абыхэм хохьэ «iPad» компьютер Іэмэпсымэмкіэ ищІа и лэжьыгъэмрэ щІи.

Гъэлъэгъуэныгъэр Паршин Сергей кьыщыззэІуихым, КІыщ Мухьэдин фІыщІэ хуищІащ гупсысэ куукІэ гъэнщІа и сурэтхэм ставрополдэсхэр япэу еплъыну Іэмал зэраритам папщІэ. Зэхьхьэм кьыщыпсэльащ Ставрополь крайм щэнхабзэмкІэ и министр Казаковэ Ольгэ, сурэтыщІ гъуэзджэмкІэ музейм и унафэщІ Белая Зое, Урысейм ис адыгэхэм я льэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщІ, «Дунейпсо лъытэныгъэ» щІыхь тхылъымрэ саугъэт льапІэхэмрэ КІыщ Мухьэдин тыгъэ хуэзыщІа Уэхъутэ Александр. КІыщ Мухьэдин и лэжьыгъэм триухуа и уэсэхэм зэхуэсахэм кьахуеджащ усакІуэ Гончаровэ Еленэ, нэгъуэщІхэри. Пшыхьым кьрихьэлІахэмрэ я гукъыдэжьыр яІэтащ кавказ, испан макъамэхэр зыгъэзэщІа гуп.

КІыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ, менеджер Мосс Жаклинрэ мы Іуэхур кьызэзыгъэпэщащхэм я фІыщІэ хуащІащ. КІыщ Мухьэдин мастеркласс щригъэкІуэкІынущ и лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ пэшым. Гъэлъэгъуэныгъэр мэлыжьыхьым и 22-рац щызэхуащІыжьынур.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьэн гу зылъатапхьэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэм и къудамэу КъБР-м щыІэм и Іуэхущ Іапі Іэ псоми и ЩІыхь тхылъ ящІ. Мухьэдинрэ и 1-м щыщІэдзауэ цІыхухэм Іэ щытрадзэ хьунущ 2012 гъэм и еТІуанэ ильэс ныкъуэм кърагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ. Пощтым и лэжьакІуэхэм цІыхухэм Іэ зыщІадза кьыздэкІыгъуэхэр и зэманым кьрыуфІыдзэу унагъуэхэм яхьынущ. Апхуэдэу ахэр кьыщІахьыж хьунущ пощтым и Іуэхущ Іапі Іэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыным пыща Іуэху псомн нэхъ зыпкъырыхауэ щыгъуазэ зыщыфІщІ хьунущ пощтым и Іуэхущ Іапі Іэхэм.

Дэнэ щIыпIэ зыкъыщызмыгъэлъэгъуами, адыгэ уэрэди жызоIэ

● Гъуазджэ

Урысей Федераци, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Щэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, уэрэджьыкIуэ цIэрыIуэ Ташло Алий ди къэралым и мызакъуэу, хамэ щIыпIэхэми фIыуэ ящыщIыкIы. Абы я уэрэд жьыкIэр зэхэзыхауэ и творчествэм димыхьэх щIагъуэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Ташлом и концертхэми ар зыхэт пшыхьхэми щыхухэр къуэу нокIуалIэ. Щэч хэмылъуп, араш артистым и зэфIэкIыр къыззраль ытэ щылъэ нэхь льагэ дыдэр.

ЕДЖАПIЭМ щыщIэса лъэхьэнэхэр игу къыщигъэсIыжкIэ, Алий кыхьегъэщ сыт хуэдэ зэIуали пшыхьи емыкIуэкIами, уэрэд жиIэну зэи утыку къыззэримыхьар. Апхуэдэу щытми, школ нэужьым ар щэтIысхьащ Налшык кьалэ дзэ Музыкэ училищэм. ИльэситкIэ еджауэ, дзэм кьулыкъу щищIэну ираджащ икIи кьафэмэрэ уэрэдымкIэ абы щыIэ ансамблым хагъэхьащ. Ансамблым хэту ди къэралым и щIыпIэ куэдым концерт щитащ. Армэ нэужьым Музыкэ училищэр кьиухыжащ, иужькIэ еджэным щыпищащ Санкт-Петербург дзэ консерваторэм. Ташлом лэжьэн щыщIидзащ Налшык дзэ Музыкэ театрым. Апхуэдэу ар щыIэщ Дагъыстаным оперэмрэ балетымкIэ и театрым, Пятигорск опереттэм и театрми ядолажьэ.

Дэтхэнэ зы оперэ уэрэджьыкIуэми и хъуэпсапIэщ Италием кIуэуэ абы и макъамэ дунейр зыхищIэну. Ар икIи гурыIуэгъуэщ: Италиер кьалэ-тэ оперэ гъуэджджэм и гущапIэу, дуней псом щынэхьыфIу ябж оперэ композиторхэм, уэрэджьыкIуэхэм я хэкуу. Абы и лъэныкъуэкIэ и насыпкъикIащ Ташло Алий, ар хэтащ Каруэо Энрико, Пуччини Джакомо сымэ я щыхьхкIэ Милан кьыщIэзэрагъэпэщца дунейпсо зэпеуэхэм. КъыщынэмыщIауи, Ла Скала оперэ театрым и режиссер нэхъыщхьэм иригъэблагъэри, и Iэзагъэм щыхигъэхуащ.

Ташлом ролхэр зэрригъэзащIэр, жиIэ уэрэдхэр щыхухэм ягу ирохь. Абы утыкум кьрихьэ лIыхьэжьхэм я образхэр нэгъэсауэ уи нэгу къыщIегъэхьэф. Алий фIы дыдэу къехъулIахэм ящыщщ Верди Джузеппе и «Травиата», «Риголетто», Чайковский Петр и «Евгений Онегин», Леонкавалло Руджеро и «Паяцы», Пуччини Джакомо и «Тоска» оперэхэр щIегъуэжащ. Ар щыIэ щIыпIэ зыкъыщымыгъэлъэгъуами, абы и пшыхьэм щыхухэр куэду къокIуалIэ, Iэгуаэ зэIухуи хуаIэт.

- Сытым дежи си концерт программ зэрагъэ уэрэддыри кызэтеохьэ, - жеIэ Алий. - Кьалпштэмэ, япэ дыдэ хамэ къэрал сызэрыкIуар зи фIыгъэр адыгэбзэщ. Дауи Асльэнрэ Тlэш Хьэмидрэ эдатхэ «Адэжь лъахъэу Кьэбэрдей» уэрэдыр Сирием щекIуэкIа зэхъыхьэхэм ящыщ зым щызгъэзэщIауэ щытащ. Уэрэдым и псальэхэр зей Тlэш Хьэмид Сирием къыщыхьуа ди лъэпкъэгъуэ. Апхуэдэу а уэрэдыр ягу ирохь Тыркуи, Йорданиеми, Израильми щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм. Мызэ-мытIэу абыхэми концерт щыстащи, а уэрэдыр щыжьIсIэкIэ, я нэпсыр яхуэмыубыду йодаIуэ. Я гум щагъафIэ хэкужьым теухуа уэрэдыр я анэдэлъхубзэкIэ зэрыкъэхьыр абыхэм я дежкIэ куэд и уасэщ. Ар дискым трагъэтхауэ я унагъуэхэм ильщ.

Батыр Мухьэдинрэ сэрэ Краснодар концерт щытту «Адэжь лъахъэ Кьэбэрдей», «Адыгэ джэгу» уэрэдхэр жьIсащ. ИужькIэ абы теухуауэ интернетым къыралъхьажа хъыбархэм щрагъаIо: «Ташло Алий и анэдэлъхубзэкIэ жиIа уэрэдыр кьыдгурымыIами, ар псэм кьалукIти, гум хьыкьэрт, купщIэшхуэ зэрыкъэлыр едаIуэ и деж зэрыниихьэсыфам и щIыхьэтщ нэм нэпсыр кьригъажIуэу зэрыщытыр. Уэрэдыр зэрыжиIа бзэр дахэт икIи гурыхьт».

Абы и ужькIэ хэт жиIэфын ди бзэм кьару имыIэу. УкъызыхэкIа лъэпкъыкIэ Iурыльэ бзэр умыщIэнкъи емыкIыщхуэщ. КьыштщIэхьуэ щIблэм бзэр яIурымыльмэ, ар зи ягъэр адэанэрщ. Абыкlэ кьуанщэхьым сабий сэдри курыт школри. Псори кьыщежьэр унагъуэрщ, сабийм щыкIухукIэ зыхебгъэщIэн хуейщ бзэм и мыхьэнэр, абы и купщIэр зыхуэдэр.

Ташлохэ я унагъуэм щытепщэр адыгэбзэрщ. Алийрэ и щхьэпэусэ Тамарэрэ я щIалэ закьуэм сабий садым кIуэху адыгэбзэ фIэкIа зэхрагъэхакьым. Кьалэ садым, школым кIуэну сабийм урысыбзэр зэрищIэну ар кьагурыIуэрт, ауэ адыгэбзэр Iэпэдгъэпэпэ, ящIамэ, фIыуэ кьаззрыхуэмыгъэщтэжьнур ящIэрт. ШIалэр иджыпсту 7-нэ классым щIэсщ, адыгэбзэрри урысыбзэри уэрсэру ещIэ.

ТХЬЭХУЩIНЭ Ланэ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм и мыгъэрей зэхэхьэжьи я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Тэрч кьалэ дэт курыт школ №3-м и егъэджакIуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм я нэгу щIэкIащ егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ я лъэныкъуэкIэ школым лэжьыгъэшхуэ зэрыщыIэкIыр.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Джылахъстэнейм къыщIохъуэ зэрыгушхуэн щIэблэ

ТЭРЧ куейм и гъунапкъэм дež хьэщIэхэм кьащIелъжьащ хэтэрейсхэр икIи абдеж гъэзуэм «пкIэлъей къыщрадзри», кьалэм и тхьдэм тепсэлъыхьащ, ныбжьыщIэхэр уэ зэкъэщ, уэрэд жаIащ. Школ пщIантIэм кьащыпэплъэрт нэхъыщхьэхэм я мызакъуэу, адыгэ фащэ екIуалIэ зэщыхуэныкIа нэхъыщхьэхэри, ерыскъыщ хьэщIэхэм я щыщIыкIа зэхаша джэгур щекIуэкIырт.

Зэманыр кьыщыблагъэм, уроки щидзащ. Ягъ дерсыр 1-нэ «а» классым щитащ егъэджакIуэ **Гувэжокъуэ Антонинэ.** «Макъ **й**, хьэрф **й**, **й**»-хэм техуауа, ещанэ-кIэрэ тхэкIэрэ щрагъаIо урокыр гъэщIэгъуэн хуэат.

Макъыщ Iа кьызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэр зрагъэщIыхун, ахэр ятхыу зрагъэзгъэн и пэ къиухуэу щыIкIуэм нэмысым теухуауэ ящI пса-лъэжьхэр кьрабжэкIащ, я анэдэлъхубзэм теухуа уэсэхэм урысбзэкIи адыгэбзэкIи кьеджащ. Адэкlэ абыхэм нэхъапэкIэ эджа макъхэр кьапщытэжащ. Доскам гупгупуэр кьащIыхьа хьэрфхэм щымыщыр кьыхъагъэтащ: апхуэдэ щыкIэкIэ макъ дзэкIуашэхэмрэ макъзешэхэмрэ зэхагъэкIащ.

Темэщ Iэм щыкьыхьэм егъэджакIуэм цIыкIуэхэм кьуажэхъ кьаригъэщIащ. КсэщIэрейхэм «ираташ» Тэрч куейм и кьуажэхэу Мэртэзэрэ, Болэтэй, Кьаншыуей, Илъэмей, Хьэпцей. ЕгъэджакIуэм сабийхэм гу лъагIэр щIа кьуажэхэм я зорих макъым икIи яжриIащ. Псори кьыщежьэр унагъэрщ, сабийм щыкIухукIэ зыхебгъэщIэн хуейщ бзэм и мыхьэнэр, абы и купщIэр зыхуэдэр.

Ташлохэ я унагъуэм щытепщэр адыгэбзэрщ. Алийрэ и щхьэпэусэ Тамарэрэ я щIалэ закьуэм сабий садым кIуэху адыгэбзэ фIэкIа зэхрагъэхакьым. Кьалэ садым, школым кIуэну сабийм урысыбзэр зэрищIэну ар кьагурыIуэрт, ауэ адыгэбзэр Iэпэдгъэпэпэ, ящIамэ, фIыуэ кьаззрыхуэмыгъэщтэжьнур ящIэрт. ШIалэр иджыпсту 7-нэ классым щIэсщ, адыгэбзэрри урысыбзэри уэрсэру ещIэ.

ТХЬЭХУЩIНЭ Ланэ.

● Къэпкъ проектхэр

ЕджакIуэхэм я узыншагъэр хъумэным йогугъу

Бахьсэн районым хьхьэ Ислъэмей къуажэм дэт курыт школ №1-м щекIуэкIащ куейм и еджакIуэхэр щхьэщIыпIкIэ къыззэрагъэпэщым теухуа республикэ семинар. Абы хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Бахьсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн, куей тхьэмадэхэм социальнэ IуэхуэхэмкIэ я къуэдзэхэр, республикэм и егъэджакIуэ Iуэхущапlэхэм я унафэщIхэр.

СЕМИНАРЫМ хэтахэм зрагъэлъэгъуащ Кыщтэж, Ислъэмей, Бахьсэнёнкэ къуажэхэм дэт курыт школиплIым я щхапIэхэр зэрылажьэр, кьабзагъэм я хабзэхэм тету ерыскъыхэр зрагъэзгъэхьэнкIэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий зэIуIэщIэр къыщыдзэIуихуэм къыхигъэщащ еджакIуэхэм я узыншагъэр хъумэным, егъэфIэкIуэныр «Ди школыщIэ» проектым и унэтIыныгъэхэм зэрращыщыр. «НибжьыщIэхэм я узыншагъэр хъумэным щIэныгъэхэр щIэлъ щыхьи пщтыркIэ къыззэгъэпэщынкIэ къэрал политикэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - жиIащ министрым. - Абы къыхэкIыу республикэм и школхэр щхьэкIэ къызэрэгъэпэща зэрыхъур КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм ткIийуэ щIэтщ».

Министрыр тепсэлъыхьащ еджапIэхэм щIэсхэр щхьэкIэ къызэрыгъэпэщыныр хабзэ щхьэхуэм тету зэрекIуэкIыр, ерыскъыхэм я уасэм зэрызэхъуэжыр ильэс къэс Iуэхум кьыхальытэу зэрыщытым, республикэм бюджетым кьыхэхкIыу мы гъэ еджэгъуэм а Iуэхум сом мелуан 12,8-рэ зэрыхухахам.

Адэкlэ зэIущIэм и гугъу щащIащ сабийхэр щхьэщIыпIкIэ къызэрэзэпэщ Iуэхуэр егъэфIэкIуэнымк теухуауэ Урысейм щекIуэкIа зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхэтам икIи абы къыщыхэжаныкIахэм Бахьсэн районыр зэращIыщым. Абы ипкъ иткIэ, щедералныэ, республикэм бюджетхэм къыхэкIыу районым кьыIэрыхьа мылъкумкIэ куейм и школ щхапIэ 23-р зэрагъэпэщыжащ, ахэр зыхуеину хьэпшыпхэр кьыхуащэхуащ.

ЗэIущIэм и кIэм нэIуэ кьащIащ Бахьсэн районым и унафащI Сыжажэ Хьэсэн кьыхилъхьа «Школ щхапIэ нэхъыфI» зэпеуэм кьрикIуахэр. Зэпеуэм хэтащ районым и еджапIэ 17, абыхэм ящыщу Гран-при сагъгъэтыр хуагъэфащащ Ислъэмей дэт курыт школ №1-м (сом мин 40), япэ уивипIэр кьихьащ Бахьсэнёнкэ жылэм и курыт школ №2-м (сом мин 30), етIуанэ, ещанэ уивипIэхэр хуагъэфащащ Ислъэмейм и курыт школ №3-м (сом мин 20), Бахьсэнёнкэ и курыт школ №1-м (сом мин 10). ЕджапIи 5-р зэпеуэм и лауреат хуащ икIи щIыхь тхыльрэ ахъшэ сагъгъэту сом мин тхурытхурэ ираташ.

Районыр унафащIр текIуэкIэ ехъуэхъурт, къыкIэлъыкIуэу «ШIкол щIантIэ нэхъыфI» зэпеуэр къызэрыхилъхьажкIэ хъыбар зрагъэщIащ. Абы нэхъыфIу кьыщалъытэм саугъэту сом мини 100 ираты нущ.

ТЭМЭМУ ПЭЛЪЭЩАТИ, ахэр

«Адыгэ Хэку» фильмым и зы тепIэгъуэ трах. Тхьэмадэм и ролыр егъэзащIэ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Зыхьэ Заур.

Сурэтыр **IЭЩIЫН Аслъэн** *ейщ. 2005 гъэ*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

«Нур» журналым и ещанэ къыдэкIыгъуэр

«Нур» сабий журналым мы гъэм и ещанэ къыдэкIыгъуэр дунейм кьытехьащ. ИнжкI итахэми хуэдэу, мы къыдэкIыгъуэми тетщ журналыр къыдэкIын зэрыщIидзэр ильэс 30 зэрырикъуэ ирихьэлIэу нэхъыщхьэм кьытехуа тхыгъэ нэхъыфIэм щыщ. Ар зэрыдзэжьэр, республикэм и къуэдзэхэр, Апхуэдэхэщ, псальэмащIэ, Къыхъуэ Тамэр Щорэ Ахьмэдэр я чэсхэр. Къэрмокъуэ Хьмид итхыка «Адакъэ хахуэ» щыщ.

«НУРЫМ» и ныбжьэгъуфIхэр» ешанэ IуэхуфIыкIэ зэпеуэм спортым, литературэм, адыгэбзэм дихьэх ныбжьыщIэхэм я сурэтхэр. Апхуэдэ щыкIуэху зи сурэт журналым градзаужм яхэтщ Къэрэшей-Щэрджэсым и кьалащхьэ Черкесск, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Налшык, Бахьсэн кьалэхэм щыпсэу, щедж ныбжьыщIэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и картэ мы кьыдэкIыгъуэм тетыр цIыкIуэхэм балигъэхэми яфIэгъэщIэгъуэн зэрыхьэнум щхьэхэлъхьэм. АдэкIэ «Инэмыкъуэ» Iыхьэм итщ Iуэрыдуатэм къыхэхьа хъэ, джэгукIэ цIыкIуэхэр, кьуажэхьэхэр. Нэхьапэ Iуэхэр журналым тетахэм ящыщщ Брай Адэлбий итха «Гугу и пщIы упскIэ» щыпсэри. «Нурым» фыкъыщIедэжи Мэз Iэнпуар и «ПсыIэрыщ», «Си ныбжьыр», «Дадэ», «Хьэ Iумахуэ» уэсэ цIыкIуэхэм. «КъэщIэрей и Iыхьэ» напэкIуэщIым фыкъыщIедэжи адыгэ псальэхьэхэм. Ахэр суэрткIэ гъэщIэрэщIауэ дахэу традзащ.

«Нурым» и гъуджэ» псальащхьэм щIэту традзащ еджакIуэ цIыкIу нэхъыфIхэм я сурэтхэр.

АБЗУАН Пщымахуэ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм

ТЭРЧ куейм и гъунапкъэм дež хьэщIэхэм къащIелъжьащ хэтэрейсхэр, я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Тэрч кьалэ дэт курыт школ №3-м и егъэджакIуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм я нэгу щIэкIащ егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ я лъэныкъуэкIэ школым лэжьыгъэшхуэ зэрыщыIэкIыр.

Хабзэ щыIэщ, зэпеуэм хэту адрей предметхэмкIи адыгэбзэкIэ урок кIэщIэр ягъэлъагъуэ. ГъэщIэгъуэну зэкIигъэуат 6-нэ «г» классым **Балэхъуэ Тамарэ** физкультурэмкIэ щIигъэкIуэкIа урокыр. Узыншагъэм теухуауэ щыIэ псальэжьхэр кьыгъэуIу зрагъэщIну унэ пэжьыгъэу яIати, дерсыр абыкIэ кьыщIадзащ. Адэкlэ адыгэ макъамэм зыдрагъэкIуу я Iэхэр, я щхьэр лъагэу Iэтауэ, я бгыр зауэу яIыгъуу пэшыр хъурейуэ зыбжанэрэ кьакIухьащ. Адыгэхэм джэгукIэ щыщIидзэн куэд къаэзрыдекIуэкIар егъэджакIуэм сабийхэм къаригъэщIэжри, абыхэм ящыщу нэхъ ягу кьишнэхэр кьаригъэщIащ. Иужькlэ нэхъ гъэщIагъэуну кьащхьуа щIакIуэхъуэплъым нэхъ зэхэхауэ тепсэлъыхьащ икIи джэгуащ.

Апхуэдэ урок кIэщIэр дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэщIагъэлъагъуэ сурэтхэр. Абы и Iэдакъэщ щIыпIэ щхьэкIэ зэрыщIэрэ ныбжьыщIэхэм щыщ. Иужькlэ нэхъ гъэщIагъэуну кьащхьуа щIакIуэхъуэплъым нэхъ зэхэхауэ тепсэлъыхьащ икIи джэгуащ.

Апхуэдэ урок кIэщIэр дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэщIагъэлъагъуэ сурэтхэр. Абы и Iэдакъэщ щIыпIэ щхьэкIэ зэрыщIэрэ ныбжьыщIэхэм щыщ. Иужькlэ нэхъ гъэщIагъэуну кьащхьуа щIакIуэхъуэплъым нэхъ зэхэхауэ тепсэлъыхьащ икIи джэгуащ.

Апхуэдэ урок кIэщIэр дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэщIагъэлъагъуэ сурэтхэр. Абы и Iэдакъэщ щIыпIэ щхьэкIэ зэрыщIэрэ ныбжьыщIэхэм щыщ. Иужькlэ нэхъ гъэщIагъэуну кьащхьуа щIакIуэхъуэплъым нэхъ зэхэхауэ тепсэлъыхьащ икIи джэгуащ.

Кlуантlэ Жаннэ, Къущхьэ Iэсимт, Шыхъуэ Лерэ, Кlыщ Аленэ, Хьэтlэхъу Альбинэ сымэ.

Сабийхэр Iуэху зэкIэлъыкIэхэм щыхуэдагъэ гупжьейхэр щолажьэ мы еджапIэм. «Псей щIыкIу» фIэщыгъэр иIэу **Дыщокъуэ Татьянэ** ирагъэкIуэкIа сыхьэтыкIэ ныбжьыщIэхэм зэфIэкI гъэщIэгъуэнхэр къыщагъэлъэгъуащ. ТхыльымпIэ зэкIуэщIыпхьэхэм («оригами»-кIэ йоджэ) ныбжьыщIэхэм кьыхащIыкIыфырт дыкъэзыухъуреихь дунейм щалъагъуэ. Ар псоущхьэхэр, къэкIыгъэхэр, машинэхэр, унэхэр, нэгъэущI хьэпшыпхэр куэди. А сыхьэтым еджакIуэхэм тхыльымпIэм къыхащIыкIащ псей щIыкIу. Абы папщIэ абыхэм ящхьэхъэращ тхыльымпIэ плIимэхэр, ахэр зэкIуэцIалъхьэурэ щимэ ящIащ, иужькIэ зрагъэтIысхьэжри, псей щIыкIэр зэхуэмыдэ.

КIэрэф Юлэ «Ди IэрыщI тельыджэхэр» жиIэу кьезэригъэпэща гупжьейм екIуалIэхэм я выставкэ щекIуэкIа еджащ адыгэ фащэм и зэхэлъыкIэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр. Ахэр тепсэлъыхьащ фащэм и цIыкIуэхэм ягъэзащIа мыхьэнэм, тхыпхъэщIыпхъэхэр зыхуэдэм икIи хэдыкIым, дэным зэрыхуэIэзэ хъэщIэхэм ирагъэтIылъэуащ.

Адыгэ шхыныгъуэхэр фIыуэ зэращIыхьэр, абыхэм я гъэхъэзырыкIэмэ зэрыщыгъуэазэр кьаригъэтIысащ **Къущат Зое** и гъэсэнхэм. Абыхэм кьагъуэва Iэнэм тетт дэлэн, лэкъым, хьэтыкъ, жэмкъуэ, зэкIэрыс, махъсымэ, тхьэмщIыгъуныбэ, пластэ, дждлыбжьэ, хъарбыз фо, нэгъуэщI адыгэ шхыныгъуэхэри. Пщащэхэр тепсэлъыхьащ а шхыныгъэхэм я гъэхьэзырыкIэм, дэтхэнэ зы унэгъащэми ахэр ипщэфIфу щытын зэрыхуейм. Адэкlэ абыхэм кьэпщытакIу гупым хэтэхэм ирагъэкIуэкIащ тэрхьэлIыу зэращIыр, и гугъу ящIащ зи тэмакъ узым и дежкIэ ар хущхьэуу зэрыщIыр. Уэрджэфэ цIыкIуэхэр зыгъэрт Iуэхум зэрыхуэIэзэн и щыхьэнт хуэмыдэу зэрыщIыр. Хьэкъуэ цIыкIуэхэр зыгъэрт Iуэхум зэрыхуэIэзэн и Iэдакъэщ щIыпIэ, ар хьэзэрэ хъуIам хьэщIэхэр кIэлъыззрахьыр, хьэкъум зыгуэр теткIуамэ, зэрагъэхьэзэн щыкIэрэ кьагъэлъагъуащ. Апхуэдэу гъэщIагъэ макъыр ирагъэкIыурэ пщащэхэм я тэрхьэлIыуэр хьэзыр я хъури, ар кьаззэрехъуIам хьэщIэхэр ирагъэнлъащ.

«Гъагъэ, си Кьэбэрдей», «Си псэм хуэдэу уи Хэку» уэрэдыр зэрыщIэрэ ныбжьыщIэхэр гъэпсэща пIланэпэхэм щыщ зэхуэхьсат еджакIуэхэм я Iэдакъэщ щIыпIэ, траха сурэтхэр. Псом хуэмыдэу тельыдыкIэ **Кlыщ Испъэм** дыкъэзыухъуреихь дунейр кьыщигъэлъагъуэ сурэтхэр. Абы и Iэдакъэщ щIыпIэ, а ныбжьыщIэм и щIэр гъуэзджэм и дунейм мыгугъу кьыззрыщIыпуэм щэч кьытыкуагъэзэрэтхэм.

«Сэтэней и хьэщIэщым» щекIуэкIа зэхьыхьэ дахэр кьыззригъэпэщащ егъэджакIуэ **Албэрды Эммэ.** Адыгэ хабзэм Iэзэпытхъэм щыубыщ увыпIэм, абы и пщIэр зыхуэдэм теухуат ныбжьыщIэхэр кьыззаджа уэсэхэр, жаIа уэрэдхэр, ягъэ- лъагъуэ теплъэгъуэхэр. А псом кьищынэмыщIауэ, дахагъэмрэ гуакIуагъэмрэ щIыхубзыи и Iэщэ нэхъыщхьэу зэрыщIыр кьыхъэгъащIри, абыхэм я лъабжьэр кьыщIежьэ чэнджащ щхьэпэхэр кьрабжэкIащ.

А махуэм еджапIэм къаухеблэгъат композитор цIэрыIуэ **Эрамыщlэ Заретэ** икIи и уэрэдхэмкIэ зэIущIэр яхуигъэзащIат. Абы еджапIэм ныбжьыщIэ яхуащIащ и «Тэрч пшынальэхэр» тхылъыр.

Адыгэм и гуфIэгъуэр зыгъум ущIэзыгъэпIа пшынальэ дахэр хэмыту зэрыкIыкъым. А хабзэм тету зэIущIэр джэгукIэ зэхуащIыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.